



Ministè Afè Sosyal
Enstiti Byenèt Sosyal ak Rechèch (IBESR)



**Liy Direktris Nasyonal Pou
Bay Timoun Vilnerab Bon
Jan Kalite Sèvis**

**Vesyon dokiman sa te revize apre faz pilotaj –la
25 Oktòb 2013**

Ministè Afè Sosyal ak Travay
Ministè Ledikasyon Nasyonal ak fomasyon Pwofesyonèl
Ministè Jenès, Espò ak Aksyon Sivik
Ministè Jistis ak Sekirite Piblik
Ministè Sante Piblik ak Popilasyon
Ministè Agrikilti Resous Natirèl ak Travay

Gid Nasyonal Pou Amelyorasyon Kalite Sèvis Yo Bay Timoun Vilnerab

Ministè Afè Sosyal
Enstiti Byenèt Sosyal ak Rechèch (IBESR)

EDIKASYON AK FÒMASYON
SIPÒ SIKOSOSYAL
RANFÒSMAN EKONOMIK MENAJ
PWOTEKSYON TIMOUN
SANTE
NITRISYON AK SEKIRITE ALIMANTÈ
LOJMAN AK SWEN

Dokiman sa fèt gras ak sipò Plan Ijans Prezidan Ameriken kap lite kont
VIH/SIDA, a travè USAID ak Pwojè Kap Amlyore Kalite Swen yo



USAID
ÈD PÈP AMERIKEN

USAID
PWOJÈ ASSIST
*Aplikasyon la Syans pou Ranfòse
ak Amelyore yon Sistèm*

Mèsi a tout moun sa yo ki te kontribiye nan diferan fason nan pwosesis elaborayson Liy Direktris yo an Ayiti.

Sipèvizyon :

Dr. Diana Lynn Chamrad, Ekspè-Konseye nan Amelyorasyon Kalite, pwogram pou timoun ak fanmi vilnerab, URC-CHS

Kòdinasyon :

Diem Pierre, Asistan Teknik Direktris Enstiti Byenèt Sosyal ak Rechèch (IBESR)

Daniel Joseph, Konsiltan-Konseye nan Amelyorasyon Kalite, URC-CHS.

Patisipasyon Pwen fokal yo, ekip nasyonal amelyorasyon kalite, ak reprezantan ONG ak resposnab sit pilotaj yo :

Paul Carrenard (insHac); Olbeg Desinor, Antony Monfiston ak Georges Revolus (USAID) ; Vanessa Dorissant (CMMB) ; Erol Joseph (Ministère de l'éducation nationale) ; Angelo Duvalson (Mspp-Ucp) ; Ermaze Pierre Louis (PIH/ZI), Christina Torsein (UNICEF) ; Yves thermidor ak Johanne Dorvil (Save the Children) ; Laure Chancenotte (IRC), Terre des Hommes Lausanne (Mirella Papinutto), Vanessa Jules et Johanne Vp.st louis (World concern Haïti) ; Ammcise Apply , Dr Cheron Magda (FHi) ; Fanor Joseph (Measure Evaluation) ; Charity Coffey (CRS) ; Francesca Nardini (Fond Global) ; Edine Celestin (World Vision) ; Nelta Joseph charles (MsH) ; Robert Penette (MAEC) ; Rachelle Hheristin (MSPP/PNLS) ; Fiammetta Cappellini ak Simeon Biguenner (AVSI) ; Jo-Ann G. Lafontant (ENPAK) ; Bertrand Marjorie, Mathieu dominique ak Marie Sonyne Ducoste (CARE/AKSE); Nirva Fils-Aime et Roudelin Augustin (Hopital Sakre-Kè nan Milot) ; Dugue Anne (Hôpital Espérans nan Pilate) Saint-Germain Louino ak Elcie Thoby (Hôpital Sen-Jan nan limbe) Marie-Ange Andre (POZ Montrouis, Sant Premye Echlon et Lôpital Sen-Nikola nan Sen- Mak, Alcima Adna et Yves Hyppolite (Grace Children nan Delma), Ymeline plateau (FONDEF nan Matisan), saint Vil Malherbe (Sant Sante nan sada-Mattheux) ; Valcy Jean et Pierre Rodrigue (brigag Proteksyon Minè) ; Natacha Gué Joseph, Roosevelt Jean-louis,Hervé Volcy (IBESR).

SITASYON REKÒMANDE:

Enstiti Byenèt Sosyal ak Rechèch (IBESR) (2013). Liy Direktris Nasyonal Pou Bay Ofelin ak Timounn Vilnerab Bon Jan Kalite Sèvis. Pibliye pa University Research Corp., LLC. (URC).

● Préfas	
● Avan pwopo	
● Entrodiksyon	
I. Timoun vilnerab: Jeneralite	
II. Fondman Amelyorasyon Sèvis kalite pou timounn vilnerab	
III. Pwosesis developman Nom yo	
IV. Konpozant Liy Direktris yo	
● Liy Direktris / Nòm Sèvis Kalite	
Edikasyon ak Fomasyon	
Sipò Sikosyal (SPS)	
Ranfosman Ekonomik Menaj (REM)	
Proteksyon	
Sante	
Nitrisyon ak Sekirite Alimentè	
Lojman ak Swen	
● Konklizyon	
● Aneks	

Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) ekspriye pwofon plezi pou mete liy direktris nasyonal pou sèvis bon jan kalite pou timoun ki vilnerab yo, disponib pou kòlèg gouvènman an, patnè lokal, entènasyonal ak piblik la an jeneral pou byennèt timoun yo.

Zouti sa a ki fondamantal nan sistèm pwoteksyon timoun fèt anba lidèchip Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch (IBESR) avek tout ministè, tout patnè ki enpòtan nan sektè a, jwenn sipò teknik University Research Co(URC) ki travay anpil ak Komite Nasyonal pou Amelyorasyon Kalite (cnaQ), metodoloji ak kad konseptyèl an tèm de konsèp nan bon jan kalite.

Liy direktris nasyonal yo pou bon jan kalite sèvis pou timoun vilnerab (LDNSQEV) reprezante premyèman, yon gid nan pratik ak pwosedi operasyon pou jesyon timoun vilnerab yo. Liy Direktris yo trase yon kad aksyon ak direksyon esansyèl ak obligatwa nan aksyon ak aplikasyon pou pote amelyorasyon nan sèvis sa yo : sipò siko-sosyal, edikasyon ak fòmasyon, lojman ak swen, nitrisyon ak sekirite alimentè, sante ak pwoteksyon.

Anplis, liy direktris yo se yon obligasyon Leta fè tout aktè lokal, nasyonal ak entènasyonal pou yo pran an kont patisipasyon timoun yo, fanmi yo ak kominote yo nan desizyon sou swen ak sèvis yap resevwa epi fè yo patisipe nan evalyasyon yo.

Ministè a Afè Sosyal ak travay (MAST), pwofite okazyon pou remesye tout moun ki fasilite pwosesis pou devlope liy direktris nasyonal sa yo pandan li ekspriye konsiderasyon l' pou ekip nan Enstiti byennèt Sosyal ak Rechèch (IBESR) ki vle ranpli konplètman misyon li nan amelyore kondisyon lavi popilasyon an avek yon kowòdinasyon efikas nan sistèm pwoteksyon timoun an Ayiti.

Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) envite tout patnè nan sektè sosyal la, ministè ak patnè ki konsene yo, pou yo byen itilize dokiman sa a ki mete anpil touch nan bon jan kalite swen yap bay timoun yo, fanmi yo ak kominote yo.


Charles JEAN-JACQUES
Ministre



Liy direktris nasyonal yo pou bon jan sèvis kalite pou timoun vilnerab yo, montre nesesite pou genyen yon tet ansanm nan sektè kap travay nan pwoteksyon timoun an Ayiti. Li se yon travay enpòtan ki egzije kontribisyon tout patnè IBESR yo ak lot ministè ki konsène nan pwoblèm sa a, ak fasilitasyon n University Research Co (URC) ki jwenn sipò USAID.


Move sitiyasyon ki te genyen an Ayiti apre tranbleman tè 12 janvye 2010 la te mande yon entèkansyon espesifik an ijans pou timoun, fanm ak fanmi yo. Nan fen ane 2011, plis pase yon ane apre tranbleman tè a, li vin yon enperatif pou reflechi sou restriktirasyon sistèm pwoteksyon epi rann entevansyon yo pi efikas. Nan sans sa, li te nesesè pou kreye yon referans ki bati sou baz legal ak administrativ ki te deja egziste.

Liy direktris sa yo gen anpil enpotans nan demach la. Plizyè inisyativ ki gen rapò ak nomalization entèkansyon yo te inisyè. Nou ka site pa egzanp: aplikasyon yon sistèm siveyans ak risk vilnerab gras ak yon sant pou rele nan nimewo sa yo (133/511); Mete anplas yon pwosedi operasyon estanda pou sipòte timoun vilnerab yo, yon pwosesis pou detèmine enterè siperyè timoun yo. Inisyativ sa yo ansanm ak liy direktris nasyonal yo, vin yon referans enpòtan nan zafè swen an Ayiti.

Liy direktiv nasyonal pou bon jan kalite sèvis yo gen tandans bay yon ansanm aksyon fondamantal a tout aktè ki pral enspire nan konsepsyon, aplike ak evalye entèkansyon pwojè yo. Liy direktris yo se yon parapli ki kouvri tout demach ki konsène swen. Liy direktris yo prezante sou sèt (7) sèvis epi nan chak genyen kat pati:

Definisyon nan sèvis yo, rezilta swete ak endikatè rezilta yo, aksyon kle ak deriktiv; yon chak nan yon tablo pou fasilite konpreyansyon. Pwen sa fe remake objektif prensipal la liy direktris sa yo se pote bon jan kalite swen bay timoun ak fanmi ki vilnerab yo. Nan sans sa a chak timoun konsène dwe resevwa yon sèvis melanfe ak sipò efikas, Moun kap entèveni pou timoun, fanmi ak kominote yo dwe gen konesans ak ekspètiz nan domèn nan.

Kòlèg ki soti nan ministè konsène nan pwoteksyon timoun yo, patnè lokal, nasyonal ak entènasyonal yo; liy direktris sa yo, se yon etap enpòtan nan nòmalizasyon kalite ak efikasite entevansyon yap fè nan benefis timoun yo. Liy direktris yo se tankou yon ti bebe kap grandi devan je nou ak atansyon nap ba li. Konsepa nou dwe pare nou pou nou ranpli responsablite nou!



Arielle JEANTY VILLEDROUIN
Directeur General, IBESR

Gen anviwon 400,000 timoun ak fanmi ki vilnerab an Ayiti. Sitiyasyon sa se yon preokipasyon nasyonal. Timoun sa yo yo ekspozè a tout kalite risk tankou abi, eksplwatasyon, manke swen, manke lojman, manke eksitasyon pou devlopman sikomote, ensekrite alimantè ak malnitrisyon, sitiyasyon andikap, abandone lekòl, enfeksyon VIH/SIDA. Sitiyasyon sa yo ki vini akòz fanmi ki divize, lanmò yonn oswa tou de paran yo, reveni fanky an ki déjà fèb, abandon, neglijan, fanmi ki pa kapab pran swen timoun yo, degradasyon sosyo-ekonomik fanmi yo asosye ak VIH / SIDA, dezaz natirèl touche konsyans tout patnè kap travay nan pwoteksyon pou yo pote yon repons fò ki apwopriye fas ak pwoblèm yo.

Gras ak efò Gouvènman Ayisyen, ajans, òganizasyon entènasyonal ak sosyete sivil gen bon jan amelyorasyon ak ogmantasyon nan swen ak sipo ki rive jwenn timoun vilnerab yo. Timoun yo te jwenn anpil sevis, men apre tranbleman te 12 janvye 2010 la, pat gen twop enpotans nan kalite sevis timoun vilnerab yo tap resevwa.

Pou sipòte repons ak pwoblèm enstitisyonèl, amelyorasyon nan kalite sèvis timoun ki vilnerab yo,

Gouvènman ayisyen- an atravè Ministè Afè Sosyal, espesyalman nan Direksyon Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch (IBESR) ki te kòmanse mete an plas yon seri règ ki rele: "Liy Direktis Nasyonal pou bay timoun vilnerab yo bon jan kalite sèvis.

I. TIMOUN VILNERAB: JENERALITE

Daprè EMMUS IV, 24% timoun kap viv an Ayiti vilnerab. Timoun sa yo soufwi nan diferan fòm: malnitrisyon ak rate manje; kite lekòl; delenkans; rekritman nan gwoup ame oswa gang; pran dwòg; abi ak eksplwatasyon seksyèl oswa fizik; restavèk; enfeksyon VIH ak lòt malady; aksidan; gwoès avan lè; andikap fizik; diskriminasyon; estigmatizasyon; tout kalite akizasyon elatriye.

Nan kad plan pwoteksyon nasyonal 2007 la, ki te fèt pou egzekite soti 2008 pou rive 2013, Ministè Afè Sosyal ak travay (MAST) an akò ak lòt Ministè ki konsène yo, ak Enstiti Byennèt sosyal ak Rechèch (IBESR) fè yon deskripsyon ak definisyon konsèp vilnerabilite a ki prezante klasifikasyon ak karakteristik timoun vilnerab yo konsa:

- Timoun lari
- Timoun ki afekte / enfekte ak VIH-SIDA
- Timoun ki viktim trafik
- Timoun Restavèk
- Timoun ki gen andikap
- Timoun ki viktim vyolans seksyèl.

Jodi a, nan kad travay sa a, nou wè vilnerabilite a kòm «nenpòt risk, kote yon pati nan dwa yo pa respekte oubyen yo pa respekte ditou. Konsa, vilnerabilite a se tout sitiyasyon ki antrave ak epi fè enpak negatif sou devlopman sikolojik, fizik ak sosyal tout moun ki ekspozè anba risk yo. «Sou baz sa a, konsèp «timoun ki vilnerab» vle di tout timoun ki ekspozè anba risk baze sou plan manje, sante, edikasyon, moral, sikolojik, materyèl, legal ak lojman...

Lè sa a, sou kelkeswa fòm ou dezinye timoun vilnerab yo, tou depan de sèvis yo ta dwe benefisye nan kelkeswa program pou pran yo an chaj, timoun sa yo bezwen pwoteksyon espesyal sosyal ki ponktyèl, regilye oswa pèmanan. Se sa ki valab pou fanmi ki frajil yo.

Pou ale pi lwen, prensipal endikatè timoun vilnerab yo pou Ayiti prezante konsa:

- Aksè a dokiman idantite (anrejistreman nesans oswa batsitè)
- Kondisyon yo fèt
- Ti bebe ki mouri yon ti tan aprè li fèt
- Manman ki mouri nan oswa aprè akouchman
- Timoun ki ansent avan lè
- Timoun ki pa gen chans ale lekòl
- Timoun restavèk
- Timoun ki mèt
- Timoun ki pa jwenn bon dlo pou bwè
- Pwomiskwite (kondisyon aranjman ak sitiyasyon nan kan ebèjeman yo)
- Timoun lari yo
- Kondisyon yo trete timoun ki nan konfli ak lalwa
- Sitiyasyon timoun andikape yo
- Vyolans sou timoun ki restavèk
- Timoun ki viktim abi seksyèl
- Timoun abandone (separasyon fanmi)

Li parèt enpotan anpil nan ka sa yo pou gen mezi ki pran pou pote repons ki adapte ak pwoblèm sa yo.

Lè nou fè referans a tout sa ki konn pase, sitou apre tranbleman te 12 janvye 2010 la, pou nou diminye enpak endikatè nou sot site yo, eske se pa yon nesite pou nou bay Liy Direktis yo? Yon angajman leta ayisyen pran.

II. FONDMAN AMELYORASYON NAN KALITE SÈVIS POU TIMOUN VILNERAB

Seksyon sa a prezante fondman amelyorasyon bon jan kalite sèvis.

1. Liy Direktris / Nòm pou Amelyore Kalite Sèvis

Liy Direktris yo dekri yo seri règ, kritè ak prensip ke moun kap entèveni nan sitiyaasyon timoun vilnerab yo dwe swiv. Yo pèmèt gen amoni nan entèvansyon aktè kap travay pou bay sèvis ak timoun vilnerab yo.

An plis kritè dokiman sa a prezante nan chita pale pou wè ki sèvis timoun vilnerab yo merite, nou jwenn ladan tou prensip kle pou amelyore kalite sèvis ki ka bay bon jan rezilta.

Tout aktè kap travay nan pwoteksyon dwe al gade epi konfòme yo avèk règleman ki nan Liy Direktris Nasyonal yo.

2. Kòman itilize Liy Direktris yo

Liy Direktris yo se pou enstitisyon kap bay timoun vilnerab ak fanmi yo swen ak sipò. Se moun kap travay sou tèren, travayè sosyal ak lòt sektè sosyal, ajans kominotè, ONG lokal ak entènasyonal, koòdonatè pwogram ak pwojè, òganizasyon kominotè de baz yo, san bliye lòt sektè tankou relijyon ki dwe akonpanye timoun vilnerab ak fanmi yo.

Direktiv sa yo ka itilize tou pou tout lòt pwogram ki sible timoun vilnerab an jeneral.

Li mande pou moun ki responsab estrikti kap travay nan domèn sa yo aplike nòm ki nan Liy Direktris yo chak jou nan jesyon aktivite yo.

Epi tou, yo gen pou yo asire ke dokiman sa a disponib pou tout moun kap bay timoun vilnerab ak fanmi yo sèvis nan pwogram yo.

Nou dwe soulinye ke sèvis nap ofri timoun vilnerab ak fanmi yo pa ka menm si nou ta dwe konsidere ke chak timoun gen bezwen pa yo nan yon kontèks patikilye. Sa ki pi bon an se ofri chak timoun vilnerab sèvis ki gen rapò ak bezwen pa li.

Liy Direktris sa yo prezante yon seri aksyon ki pou byen reponn bezwen timoun ak fanmi yo pandan yo ap patisipe nan aktivite yo.

Aktè kap travay ak timoun vilnerab yo dwe pran konsyans ke yo pa ka fè tout bagay pou kont yo.

Yo oblije idantifye vrè bezwen timoun vilnerab ak fanmi yo pou defini priyorite, pwopoze aksyon epi itilize resous ki disponib nan kominote a ak fanmi yo.

Lè sa nesesè, refere timoun vilnerab ak fanmi yo bay lòt ONG oswa lòt patnè kap bay sèvis: sa se yon avantaj.

3. Definisyon bon jan kalite swen

Bon jan kalite swen pou timoun ki vilnerab vle di chak timoun resevwa yon melanj swen ak sipò ki baze sou pi bon pratik aktyèl yo, tankou konesans lokal ak ekspètiz yo. Timoun yo, fanmi yo ak kominote a patisipe nan desizyon ki konsène swen ak sèvis yo ap jwenn epi patisipe nan evalyasyon yo.

4. Objektif aplikasyon Nòm kalite yo

1. Devlope pratik ki baze sou rezilta ki depann de objektif pwogram nan.
2. Amelyore kalite pwogram pou timoun ak fanmi ki frajil yo.

3. Kolekte prèv ke nòm yo aplike epi fè diferans nan lavi timoun ak fanmi yo.
4. Sipòte politik gouvènman an ak Liy Direktris yo an favè fanmi ak kominote yo.

● III. Pwosesis devlopman nòm yo

Pwosesis e pou devlope nòm Liy Direktris yo te lanse nan mwa janvye 2011 lè yon ekip ki te gen ladan l ofisyèl gouvènman ak kèk patnè tepatisipe nan yon atelye nasyonal sou amelyorasyon bon jan kalite sèvis kite fèt gras ak pwojè amelyorasyon swen sante.

Pwoje USAID ki rele Amelyorasyon swen sante te jwenn finansman plan ijans Prezidan Ameriken an kap lite kont VIH-SIDA (PEPFAR). Yon dokiman bouyon sou nòm kalite te devlope, epi te gen yon Ekip Amelyorasyon Kalite (QA) yo te mete kanpe pou bay lidèchip ak sipò teknik nan pwosesis la.

Yo te fè yon analiz de sitiyaasyon sou pwogram pou timoun vilnerab yo an Ayiti.

Estanda ki devlope nan pwosesis sa a pral konstitye youn nan dokiman yo itilize nan gid pratik ak politik an Ayiti. Paske tout aktè enpòtan nan plizyè sektè kap bay sèvis te enplike nan pwosesis pou devlope Liy Direktris yo.

Yo te idantifye prensipal entèvenan yo epi yo te angaje pou yo patisipe nan ekip emelyorasyon kalite a.

Yon atelye sou patisipasyon jèn te fèt nan mwa jen 2012 nan objektif pou bay timoun yo chans pou pataje eksperyans yo epi di ki sa yo ap tann an tèm de bon jan kalite sèvis. De jèn, yon fi ak yon gason ki te nan laj 12 ak 17 lane te reprezante chak depatman peyi a. Enfòmasyon ki te rasanble nan te atelye a te rapòte epi itilize pou konplete pwojè nòm sèvis yo.

Nan mwa septanm 2012, te gen fòmasyon pou antrenè ki te gen ladan ofisyèl gouvènman an ak patnè pou fè aplike dokiman an. Fòmasyon sa a te baze sou prensip ak fondman amelyorasyon kalite, metodoloji ak zouti pou amelyorasyon kalite, gesyon desizyon yo ak Kòman pou mete yo an pratik. Patisipan yo te pwofite okazyon an pou pataje, chanje konesans ak eksperyans yo nan domèn timoun vilnerab an ayiti.

Pwosesis devlopman nòm yo te jwenn sipò ekip nasyonal amelyorasyon kalite nan chak depatman gras yon seri komite amelyorasyon kalite ki te gen ladan l manm ONG, biwo leta nan rejyon an, òganizasyon lokal ak reprezantan sit komite pilotaj yo.

Chak komite genyen anviwon 12 manm, yon sekretè, yon Rapòtè ak Kòdonatè rejyonal IBESR la ki dirije komite a.

Nan moman yo tap revise bouyon Liy Direktris yo nan mwa Oktòb 2012, Ekip amelyore kalite a te chwazi 3 depatman ak patnè pou pilote dokiman an: Kosey Medikal Misyon Katolik (CMMB) nan nò a, Partners in Health / Zanmi Lasante nan rejyon Latibonit ak (MSH) Jesyon Syans pou Sante nan lwès. Patnè sa yo yo menm te idantifye 9 sit pilotaj selon sèvis yo bay.

Gen plizyè sesyon fòmasyon ki te bay sou pwosesis pou devlope nòm ak antrenèman, pou itilize nan evalyasyon kondisyon lavi timoun lakay yo epi ranfòse konpetans manm komite yo.

Katreven-kat òz(94) ajan teren te fòme nan 9 sit pilotaj yo pou yo te evalye de mil kat san (2400) timoun atravè zouti CSI epi pataje dokiman nòm yo bay manm nan kominote yo.

Après lansman “tipa tipa” faz pilotaj la ki te fèt sou baz protokòl sou 9 sit yo nan mwa avril 2013, plizyè sesyon aprantisaj te fèt sou fason pou itilize zouti amelyorasyon kalite yo epi fè revizyon dokiman an.

Te gen echanj ak pataj eksperyans ki te fèt nan chak depatman ant manm diferan komite pilotaj yo.

Sesyon fòmasyon nasyonal ak revizyon bouyon Liy Direktris yo te yon opòtinite pou mete aksan sou chanjman ki prezante nan sèvis yo, pataje nouvo eksperyans ak leson yo aprann nan pwosesis yo ki entegre nan dokiman ansanm ak sijesyon entèvenan yo te aprouve.

Etap sa a fèt aprè yon rankont sou ant IBESR, UNICEF ak Patnè kap travay sou «pwosedi operasyon estanda» yo pou rive nan vèsyon final dokiman an.

● IV. MEN SA KI KONPOZE LIY DIREKTRIS YO

Chak Nòm sevis yo prezante nan yon tablo ki divize an 4 pati: definisyon sèvis yo, rezilta swete oubyen espere, sa ki endike rezilta sèvis yo, aksyon esansyèl ak direktiv yo.

1. Definisyon sevis:

Deskripsyon sèvis yo bay timoun ki vilnerab selon bezwen yo.

2. Rezilta Swete

Chanjman dirab sèvis sa yo pote nan lavi timoun yo. Li konsidere pwogram yap ofri bay timoun vilnerab yo kòm yon chanjman nan lavi yo, se endikatè yo ki fè wè chanjman sa yo.

3. Endikatè

Endikatè yo se sa ki itilize pou evalye / mezire enpak pwogram yo fè sou byennèt timoun nan. Se yo menm ki pèmèt nou wè si entèvensyon yo bay bon jan rezilta. Endikatè rezilta yo base prensipalman sou enpak pwogram yo fè sou timoun vilnerab yo. (Mezi evalyasyon, 2013).

4. Aksyon esansyèl

Chwa aksyon ki esansyèl nan aplikasyon nòm yo ki depann de sitiyasyon timoun nan ak fanmi li. Mèm si timoun vilnerab yo ta nan menm kay, yo chak ap gen evalyasyon pa yo.

5. Direktiv

Se oryantasyon pou aplike sou teren an aksyon esansyèl ki byen defini. Chak aksyon esansyèl bay yon ansanm direktiv.

LIY DIREKTRIS / NOM SEVIS KALITE

EDIKASYON AK FOMASYON PWOFESEYONEL



Sèvis:

Edikasyon ak fomasyon pwofesyonel

Sèvis sa yo ap pèmèt timounn ki gen pwoblèm ki nan laj 3 zan jiska 17 tan gen dwa ak yon ledikasyon selon laj yo epi yon fomasyon pwofesyonèl pou sa ki pi gran yo depi yo gen katozan. Ansèyman ak aprantisaj fòmèl ak enfòmèl yo baze sou kourikoulòm ki apwouve pa Leta ki gen ladan l devlopman timoun piti (DPE) nan nivo: primè, segondè ak fomasyon pwofesyonèl.

Ki rezilta nap tan-n:

Timoun vilnerab yo ki enskri, epi fe pati pwogram nan, fini ak lekòl yo oubyen fomasyon pwofesyonel adapte ak bezwen yo.

Indicateurs des résultats:

1. % timoun vilnerab ki enskri nan lekòl yo ak nan etablisman pwofesyonèl yo.
2. % timoun vilnerab ki nan lekòl yo kap resevwa ledikasyon oswa kap aprann metye san yo pa kanpe.
3. % timoun vilnerab ki fini tout klas yo nan lekòl yo oswa nan etablisman ki bay fomasyon pwofesyonel.

Aksyon kap fèt pou fè konnen sa ki nan sèvis la:

1. Ranfose kapasite sansibilizasyon ak mobilizasyon kominote a, pou sipòte bonjan ledikasyon ak fomasyon pou timoun ak jèn vilnerab yo.
2. Idantifye, swiv epi fe koneksyon ant resous ki disponib pou ankouraje bon jan anviwonman kap garanti ekilib nan aprantisaj tout gwoup timoun vilnerab (tifi/tigason ak sila yo kip pa gen tout kapasite yo.)
3. Devlope mekanis (zouti, mwayen) pou idantifye koz blokaj pou timoun ak jèn vilnerab jwenn bon jan ledikasyon epi rive depase yo.
4. Asire nou ke timoun vilnerab yo, manman epi papa yo osawa mounn ki responsab yo jwenn sipò pou apran selon laj yo, seks yo, kapasite yo ak selon moman an.
5. Asire nou timoun aje yo rive gen konpetans teknik ak pwofesyonel ki pral pemet yo travay nan sektè aktivite ki pi devlope nan zonn kote yap viv la.
6. Angaje yon pledwaye pou mande yon reform nan sektè edukasyon pou ranfose disponiblite sevis fomasyon edukasyonèl ak pwofesyonèl pou timoun vilnerab yo.

AKSYON ESANSYEL YO	DIREKTIV
1. Ranfose kapasite sansibilizasyon ak mobilizasyon kominote a, pou ankouraje bon jan ledikasyon ak fòmasyon pou timoun ak jèn vilnerab yo.	a. Chwazi epi rankontre tout lidè ak otorite publik ak relijiye, ONG, ak tout lot oganizasyon ki enterese nan kominote yo ; pou fe yo pran konsyans sou difikilte timoun ki vilnerab yo ap rankontre nan ledikasyon ; epi tou montre yo enpòtans ledikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl pou timoun sa yo nan kominote yap viv la. b. Fè moun ki nan pwogram lan pran konsyans sitou pwofesè ak moun kap travay nan lekòl yo sou tout konpotman ki ka aji sou timoun ki touche (afekte) ak maladi sida yo pou yo pa santi yo imilye. c. Travay ak moun ki nan pwogram nan pou prepare ak ekzekite lòt pwogram ofisyèl pou timoun piti paske se yon moman enpotan nan developman lavi timoun sa yo. d. Pale ak ti moun sa yo - ak paran yo oubyen non ak moun ki responsab yo sou enpòtans ledikasyon pou ti gason tankou pou tifi – Pale ak yo tou sou tout sa ki la anndan pwogram nan pou pèmèt yo rive kote yo te vle ya nan ledikasyon.
2. Idantifye, veye epi fe koneksyon ant resous ki disponib pou ankouraje bonjan anviwonman kap garanti ekilib nan aprantisaj tout gwoup timoun vilnerab (tifi/tigason ak sila yo kip a gen tout kapasite yo.)	a. Chache konnen tout kote lekòl ki nan pwogram nan ye ak tout kote yap fè fòmasyon pwofesyonèl yo ak sipò direksyon edikasyon nasyonal nan depatman yo ak biwo enspeksyon eskolè yo. b. Fè reyniyon ak direktè lekòl yo pou ba yo enfòmasyon sou resous ki genyen nan kominote yo epi sou timoun vilnerab ki gen bezwen èd an plis. c. Travay ak kominote a, ak lòt pati ki enterese yo tankou manman ak papa oubyen moun ki responsab timoun yo pou yo ka konnen tout chans ti moun sa yo genyen lè yo jwenn bon ledikasyon ak bon fòmasyon pwofesyonèl san yo pa viktim prejije. d. Mete sou pye tout mwayen pou asire sekirite ti fi kon ti gason pou fè bese vyolans ak kadejak sou yo andedan lekòl yo – paske elèv tankou ekip ansenyan yo ka fe vyolans ak kadejak tou. e. Mete sou pye bon relasyon zanmitay ant fanmi yo – kominote a - lekòl yo ak pwogram yo pou yo ka bay tout sipò ke timoun vilnerab sa yo ap bezwen nan ledikasyon ak nan fòmasyon. f. Antre pwogram devlopman timoun piti (DPE) andedan lòt sèvis tankou : pwogram ki pèmèt yon fanm ansent ki gen VIH pa bay pitit lap pote a jèm sa (PTME) – Swen pou ti moun ak pwogram nitrisyon (kijan yo manje).
3. Devlope mekanis (zouti, mwayen) pou idantifye koz blokaj pou timoun ak jèn vilnerab jwenn bonjan ledikasyon epi rive depase yo.	a. Fè reynyon kominotè ak reskonsab yo pou dekouvri epi retire tout sa ki ka bloke ledikasyon timoun vilnerab yo ki ta ekziste an dedan fanmiy yo pou ka pote solisyon (tankou si ti moun lan gen twòp travay nan kay li – si pa gen mwayen pou peye kotizasyon eskolè yo elatriye). b. Travay ak òganizasyon yo ki reskonsab ledikasyon ak fòmasyon pou ankouraje ke ti moun vilnerab sa yo (piti kou gran) kontinye nan pwogram lè yap itilize sibvansyon pou sila yo kap nan beswen. c. Travay ak reskonsab yo pou mete sou pye tout sòt anbyans ki garanti yon bon ledikasyon pou ti moun piti yo. d. Fè reynyon nan tout nivo avèk reskonsab yo pou diskite de tout sa ki ka anpeche ti moun vilnerab yo jwen-n bon ledikasyon epi twouve bon solisyon pou pwoblèm sa yo tankonou sa enfeksyon VIH ka fè – mwayen lajan – pratik kiltirèl - diferans fi ak gason - prejije elatriye. e. Jwen-n garanti pou bon jan èd pou ti moun sa yo ki pral gen laj 18 tan pandan yap kontinye peye lekòl pou yo epi tou mete yo nan lòt pwogram.

AKSYON ESANSYEL YO	DIREKTIV
4. Asire nou ke timoun vilnerab yo, manman epi papa yo osawa mounn ki responsab yo jwenn sipò pou apran selon laj yo, seks yo, kapasite yo ak selon moman an.	a. Toujou pale ak timoun ansanm ak mounn ki responsab yo pou siveye tout blokaj kap parèt nan ledikasyon ak fomasyon pwofesyonèl. b. Bay yon kantite sèvis tankou titora, sipò, klas ratrapj, ak leson patikilye pou amelyore aprantisaj timounn yo. c. Rankontre timoun vilnerab yo ak paran yo oswa mounn kap pran swen yo pou bay yo ankadreman pou yo ka jwenn resous ledikasyon ki korek pou timounn yo. d. By sou kondisyon bous detid ki ka peye lajan lekòl ak kit ki pemet timounn yo ale lekòl. e. Vizite lekòl yo pou swiv timounn vilnerab yo, pou ka kontwole problem prezans yo nan klas epi wè koman pou yo bay bon jan rezilta.
5. Asire ke timoun aje yo rive gen konpetans teknik ak pwofesyonèl ki pral pemet yo travay nan sektè aktivite ki pi devlope nan zonn kote yap viv la	a. Fè tout patwon ki ka bay travay ak kominote - a an jeneral patisipe nan teste mache travay la pou yo ka mete sou pye yon seri de pwogram fòmasyon ki ka bay travay. b. Travay avèk tout òganizasyon yo kap bay fòmasyon pwofesyonèl pou ankouraje prezans ti moun ki gen pwoblèm ak andikap an-nan pwogram sa yo. c. Mete sou plas tout mekanis pou transfere oswa mete tèt ansann ak tout lòt òganizasyon ki enterese pou garanti ke metod ki itilize pou fe fomasyon yo korek epi pratik.
6. Angaje yon pledwaye pou mande yon refòm nan sektè edikasyon pou ranfòse disponiblite sevis fomasyon edikasyonèl ak pwofesyonèl pou timoun vilnerab yo	a. Devlope bon jan patenarya ak lekòl yo – ak kominote ya e ak pouvwa Leta yo pou garanti dwa ke tout timounn vilnerab yo genyen pou yo resevwa ledikasyon tankou tout lòt yo. b. Diskite ak pati ki enterese yo pou ankouraje lekòl leta rekonèt yo pran plis ti moun.

Dimansyon Kalite

1. Aksè

- Louvri tout baryè ki te rete fèmen pou timoun vilnerab yo pa jwen-n bon jan ledikasyon ak fòmasyon – Baryè sa yo se distans ant kay ti moun sa yo ak lekòl yo – prejje – twòp travay ti moun sa yo genyen lakay yo – mank mwayen ekonomik pou peye frè lekòl yo elatriye.

2. Patisipasyon

- Timoun vilnerab - sak pi gran yo ansanm ak paran yo ap patisipe nan diskisyon ak desizyon ki konsène ledikasyon ak fòmasyon yap resevwa.
- Pati enterese yo dwe konpran-n bon jan wòl ke ti moun yo ak reskonsab yo jwe nan tout estrateji ki ka pèmèt yon kalite ledikasyon ki garanti bon siksè nan la vi ti moun sa yo.
- Paran timoun sa yo (manman –papa –paran adoptif) byen konnen dwa ak reskonsablite yo genyen nan ledikasyon pitit yo.

3. Efikasite

- Tout timoun yo ale nan lekòl ak nan sant pwofesyonèl ki korespon-n ak laj yo e ki fèt pou ti Fi tankou ti Gason.
- Moun kap bay fòmasyon yo resevwa nan men leta bon jan teknik fòmasyon ki pran an konsiderasyon tout keksyon ki gen rapò ak devlopman ti moun sitou sou sa ki konsène ti Fi ak ti Gason – sou difikilte ak tout lòt konsekans sitirasyon vilnerab lan ka genyen sou yo.

Dimansyon Kalite kontinye

- An plis lekòl ti moun sa yo prale – yap gen pou bay tou bon rezilta nan kanè yo.
- Timoun yo ap resevwa bon jan swen - yap ankouraje yo nan period la vi yo ki pi enpòtan lè yo fèk kòmanse apran-n ki se laj pi piti ke 5 lane.

4. Kontinyite

- Timoun yo enskri – yo rete e yo fini tout pwogram eskolè ya san yo pa kanpe.
- Timoun vilnerab ki pi gran yo - lè yo fini lekòl ap antre nan sant pou fòmasyon pwofesyonèl.
- Yap bay chans ak ti moun ki te abandone lekòl yo pou vin-n kontinye etid yo nan pwogram ratrapaj espesyal.
- Ti moun ki vin-n ta nan lekòl yo ap oryante nan yon seri lòt pwogram espesyal kote laj yo pap anpeche yo avanse.

5. Dire la vi pwogram nan

- Tout mwayen ak estrikti kominotè ap sèvi pou pote yon repons kap dire pou ti moun vilnerab yo.
- Fòk peyi ya e sitou kominote yo montre ankourajman pou kontinye pwogram ledikasyon an nan mete bon jan estrikti tankou sibvansyon total ki kapab ranje bagay ki gentan ekziste yo.
- Ranfòse mwayen ki disponib nan kominote yo pou garanti ke tout ti moun vilnerab resevwa moso ledikasyon.

SIPÒ SIKOSOSYAL(SS)



Sèvis:

Sipò sikososal(SS)

Sèvis sa asire ke timoun vilnerab yo jwenn yon soutyen emosyonèl, sosyal, espirityèl ak mantal yon mannyè pou favorize ranfòsman epanwisman ak devlopman entegral yo.

Rezilta swete:

Timoun vilnerab yo emosyonèlman byen adapté (yo kontan, konfyan e yo gen anpil espwa) e yo tabli bon jan relasyon ak lòt timoun e ak granmoun.

Indikatè rezilta yo:

1. % timoun vilnerab ki toujou patisipe nan aktivite ak lòt timoun, ak granmoun lakay yo, nan lekòl e nan lokalite yo.
2. % timoun vilnerab ki kontan e ki wè lavni yo ak lespwa.
3. % timoun vilnerab ki gen bon konpòtman ak granmoun epi ak timoun parèy yo.

Aksyon esansyèl ki defini sèvis sa

1. Mobilize, sansiblizasyon epi ranfòse kapasite kominote a pou bay repons a bezwen sikososal timoun vilnerab ak fanmi yo.
2. Tabli epi ranfòse patenarya pou fè promosyon sipò sikososal ak lyen ant prestatè sèvis yo yon fason pou amelyore nivo swen yap bay timoun vilnerab yo ak fanmi yo.
3. Ranfòse kapasite ak rezilyans fanmi yo pou yo kapab byen pran swen timoun yo.
4. Ranfòse kapasite timoun vilnerab yo pou idantifye, konpwann epi chèche sèvis SS yo.
5. Asire ke moun kap bay swen primè yo ak sa yo kap bay sèvis premye liy yo tankou anseyan, animatè jèn yo, responsab legliz, volontè kominotè yo, ajan santé ak lòt pèsonèl yo benefisye yon sipò emosyonèl ak sikososal.
6. Antre nan pledwaye pou fè pwomosyon sèvis sikososal ki gen kalite pou timoun vilnerab yo ak swayan yo.

AKSYON ESANSYÈL	DIREKTIV
1. Mobilize, sensibilize epi ranfòse kapasite kominote a pou reponn a bezwen sikososyal timoun vilnerab ak fanmi yo.	a. Itilize estrikti kominote ki gen déjà yo , òganize e fè rasanbleman ak manm e ak lidè kominotè yo sou bezwen sikososyal timoun vilnerab yo nan kominote a. b. Òganize evènman sou sensibilizasyon ak edikasyon nan sa ki konsène SS nan kominote a, san nou pa bliye lekòl yo, asosyasyon jèn yo, nan legliz, nan sant santé, lopital ki resevwa timoun vilnerab yo. c. Kreye/ranfòse lyen ant estrikti kominotè, enstitisyon yo ak ajans kap travay ak timoun yo. d. Travay avèk kominote a pou prepare ak egzekite yon plan daksyon pou yon sipò sikososyal pou timoun vilnerab yo.
2. Tabli epi ranfòse patenarya pou fe promosyon sipò sikososyal yo ak lyen ant prestatè sèvis yo yon fason pou amelyore nivo swen yo bay OEV ak fanmi yo.	a. Fè yon evalyasyon bezwen sipò sikososyal yo e pataje rizilta yo ak prestatè yo pou yo wè feblès yo e detèmine bezwen fòmasyon yo. b. Fè yon envantè sipò sikososyal aktyèl yo ki kapab itil pou travay ak timoun vilnerab ak fanmi yo. c. Fasilite fòmasyon nesèsè pou pwestatè sipò sikososyal yo, tankou volontè yo, animate jèn yo, responsab relijye yo, anseyan yo, ajan santé yo, elatriye. d. Asire ke materyèl sipò sikososyal yo disponib e adapte a reyalitye zòn nan. e. Kolabore ak prestatè sèvis transvèsal yo pou tabli mekanis ak pwosedi byen kòdone sou sipò sikososyal, tankou sa ki gen pou wè ak swivi e rapòtaj. f. Entegre sipò sikososyal yo nan entèkansyon ak sèvis apropriye pou OEV yo.
3. Ranfòse kapasite ak rezilyans fanmi yo pou kapab byen pran swen timoun yo	a. Òganize chita pale ak fanmi yo sou bezwen sikososyal timoun yo. b. Bay paran yo enfòmasyon sou resous ki disponib pou yo e pou timoun yo tankou gwoup sipò, dokimantasyon ak aktivite rekreyativ tankou espas pou jwe. c. Òganize gadri sanitè pou bay swen apwopriye a timoun nan laj preskolè nan yon anviwonman sou sipèvizyon pandan jounen travay la. d. Devlope sensibilizasyon fanmi yo pou bay konsey a moun kap swanye timoun yo pandan vizit domisilyè yo. e. Devlope gwoup sipò paran pou bay sipò emosyonèl ak fòmasyon sou konpetans parantal. f. Entegre sipò sikososyal yo la nan lòt pakè swen tankou sa ki konsène timoun ki ekspozè a VIH, sa yo ki resevwa sèvis nitrisyonèl, oswa PTME.
4. Ranfòse kapasite timoun vilnerab yo pou idantifye, konpwann ak chache sèvis SS yo.	a. Sipòte gwoup kanmarad ak sosyal yo ki nan lekòl, kominote a, tankou asosyasyon timoun yo ak adòsan yo oswa espas sosyal sekirize pou timoun tout laj, timoun piti, pre-adolesan, adolesan. b. Kreye epi distribye dokimantasyon pou ede kreye lyen ant timoun vilnerab yo ak resous kominotè ki disponib pou yo. c. Kreye yon mekanis oryantasyon pou mete timoun vilnerab yo an kontak ak sèvis kominotè ki disponib yo. d. Devlope epi distribye materyèl didaktik adapte a laj e ak janr (fanm/gason) sou sijè tankou santé repwodiktif , nitrisyon ak prevansyon VIH. e. Nan kominote ki gen gwo ensidans pwoblèm sante mantal, tankou depwesyon oswa anksyete, fè gwoup sipò sible, si li apropriye.

AKSYON ESANSYÈL	DIREKTIV
	f. Diskite bezwen SS yo ak enkyetid nan domèn sa ak OEV yo nan itilize metòd tankou pyès teyat, pwezi, lar, istwa ak jwèt. g. Kreye espas sosyal rezève espesyalman pou ti fi pou amelyore valè tèt yo epi diskite pwoblem janr yo nan espas komitè yo ak sant kominotè yo. h. Sipòte kreyasyon relasyon mantora ant granmoun ki ka bay yon bon sipo ak timoun vilnerab yo.
5. Asire ke founisè swen primè yo ak prestatè sèvis pwemye liy yo tankou anseyan, volontè kominotè, ajan sante ak lot pèsonèl yo resevwa sipò emosyonèl ak sikososyal.	a. Fè reyinyon gwoup sipò pou paran oswa mounn kap pran swen tiounn yo yo. b. Rekonèt ofisyèlman travay volontè yo. c. Bay swayan yo aksè ak opòtinite kap pèmèt yo fè lajan. d. Entegre volontè yo nan desizyon ki enpòtan pou pwogram nan.
6. Antre nan pledwaye pou fè pwomosyon sèvis sikososyal ki gen kalite pou timoun vilnerab yo ak swayan yo.	a. Kolekte done sou mank ak feblès sistèm sipo sikososyal ki ekziste pou ranfòse jefò pou plede an favè mekanis ki nesese pou ranfòse sèvis sa yo. b. Plede bay konsène yo sou enpòtans ak nesosite pou bay lajan ak sipò lojistik a sèvis SS yo ki la pou timoun vilnerab ak fanmi yo.

Dimansyon kalite

1. Aksè

- Swen ak sipò sikososyal ki bay a tout timoun ak mounn ka pran swen timounn yo nan fason yap reyaji ant yo chak jou nan kad relasyon kontantman ki genyen nan kay la, nan lekòl ak nan kominote.

2. Kontinite

- Entèkansyon SS yo ap fèt e yap kontinye toutotan yo timoun.
- Kèk oryantasyon ap fèt dapre bezwen yo pou asire kontinite a.

3. Efikasite

- Tout timoun ak swayan ap trete nan diyite, respè ak atansyon.
- Timoun ak swayan yo pa sibi estigmatizasyon oswa diskriminasyon.


4. Patisipasyon

- Timoun ak swayan yo genyen opòtinite pou patisipe nan men'm kantite aktivite depi yo vle.
- Timoun ak swayan yo envite pou patisipe nan pwosesis pran desizyon ak nan evalyasyon sèvis yo.

5. Dirablite

- Kominote a konsevwa pwosesis yo e respekte yo.
- Lyen devlope ant kominote a ak enstans kap bay sèvis yo.
- Lidè kominotè yo enplike nan mekanis SS yo.

RANFÒSMAN EKONOMIK MENAJ YO (REM)



Sèvis:

Ranfòsman ekonomik menaj yo

Sèvis sa ranfòse kapasite menaj vilnerab yo pou mobilize epi jere resous pou bezwen ki pi enpòtan timoun yo genyen ak lòt mounn ki nan menaj yo.

Rezilta swete:

Menaj (Kay kote fanmi ak timoun ap ap viv) gen gen mwayen ki sifi pou reponn a bezwen esansyèl yo (sekirite ekonomik).

Indikatè rezilta yo:

1. % menaj (kay kote fanmi yo) kap fe lajan pou reponn a bezwen esansyèl manm fanmi yo.
2. % Kay kote fanmi yo ki gen fason pou toujou fe lajan.

Aksyon esansyèl ki defini sèvis sa:

1. Kontinye sansiblizasyon moun ki konsene yo ak kominote a, epi mobilize yo pou sipòte aktivite ranfòsman ekonomik pou kay ki gen fanmi vilnerab yo.
2. Idantifye epi mete ansanm resous ki disponib yo pou soutni aktivite ranfòsman ekonomik.
3. Kreye epi soutni inisyativ kominotè pou bon jan entèvansyon pou menaj vilnerab yo, sitou pou kominote a ak menaj yo.
4. Asire swivi aksyon esansyèl yo.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
1. Kontinye sasibilize moun ki konsène yo ak kominote a, epi mobilize yo pou sipòte aktivite ranfòsman ekonomik pou menaj vilnerab yo.	a. Sansibilize moun ki konsène yo sou enpòtans sekirite ekonomik menaj yo, ak obstak ke gwo povwete kreye pou timoun yo ak entèkansyon ki posib. b. Abòde fason estigmatizasyon, diskriminasyon ak inegalite ant fanm ak gason kapab touche sekirite ekonomik menaj yo. c. Asire ke kominote yo genyen aksè a bank epay ak mikro kredi. d. Mobilize moun ki konsène yo pou angaje lajan ak lòt resous pou aktivite kap ranfòse ekonomi menaj yo. e. Kolabore ak moun ki konsène nan kominote a pou prepare yon plan daktyon pou reponn a bezwen ekonomik timoun vilnerab yo ak fanmi yo. f. Asire ke fanmi vilnerab yo patisipe nan planifye ak dewoulman aktivite yo.
2. Idantifye epi mete ansanm resous ki genyen yo pou soutni aktivite ranfòsman ekonomik yo.	a. Tabli, swiv epi pataje yon repètwa resous ki disponib nan kominote a pou aktivite ranfòsman ekonomik yo pou menaj vilnerab. b. Engaje kominote ak konsène yo pou soutni inisyativ dirab yo. c. Ankouraje pataj enfòmasyon nan mitan pwatikan yo pou sipòte yon apwantisaj kolektif. d. Kolekte bon jan zouti oswa liv ki ekziste sou ranfòsman ekonomik pou soutni bon jan pwogram epi minimize diplikasyon yo. e. Chèche konplemantarite epi sèvi ak teknisyen lokal yo nan aktivite pou ranfòsman patenarya yo. f. Idantifye resous pou ranfòsman kapasite nan sa ki gen pou wè ak jere lajan ak fòmasyon pwofesyonèl.
3. Devlope e soutni inisyativ kominotè yo pou bon jan entèkansyon pou menaj vilnerab yo, sitou sa ki gen rapò ak kominote ak menaj yo.	a. Idantifye menaj vilnerab yo nan evalyasyon bezwen ekonomik yo ak validasyon kominote a. b. Konpwann faktè ki lakoz fanmi yo vilnerab. Tankou, konnen si vilnerablite yo gen pou wè ak faktè tankou inondasyon zòn nan, estati VIH oswa laj moun ki responsab timoun nan. c. Adapte entèkansyon an a vilnerablite fanmi yo. Tankou aktivite dapre gwoup: • Pou sa ki pi vilnerab yo – transfè lajan, ede peye lekòl, soutyen manje, entran agrikòl ak yon pwogram elvaj. • Pou sa ki pa twò vilnerab yo – pwete yo ti lajan, pwogram epay, fòmasyon pwofesyonèl, fè bidjè chak mwa, pwoteksyon legal, asirans. • Pou sa ki mwens vilnerab yo – mete yo nan travay e aktivite koperativ yo, fè pwè pou ti biznis. d. Analyze epi adapte entèkansyon yo dapre sa mache ka ofri ak, demand ki genyen e aksè ke mache bay a-moun ki responsab ti moun yo pou yo ka travay. e. Mete fanmi vilnerab yo an kontak ak prestatè sèvis ranfòsman ekonomik ki ekziste yo. f. Entegre jesyon lajan ak/oswa entèkansyon kap fè pwomosyon revni pou ede fanmi yo traverse sitiyasyon sosyal ak ekonomik ki pi estab epi otonòm. Entèkansyon sa yo gen ladanl gwoup kap fè sere lajan, jwenn kredi, ankourajman pou pwan konesans, e genyen konpòtman kap pèmèt fanmi yo ekilibre depans yo dapre kòb yo antre. (entèkansyon ki pi adapte a menaj ki pa twò vilnerab yo).

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
	g. Soutni moun ki responsab timoun yo, oswa oryante yo nan aktivite ki rapòte yo yon ti lajan tankou aktivite ti biznis yo ak opòtinite ki chita sou travay. Entèkansyon sa yo ekzije yon ti envestisman resous fanmi yo e li pi adapte ak fanmi ki mwens vilnerab yo. Entèkansyon yo ekzije tou kek konpetans espesyal pou konsevwa epi reyalize. h. Detèmine kòman pou vize pi byen oswa pou pa vize menaj yo ki afekte ak VIH, tankou pa neglije estigmatizasyon lè wap fè sa. i. Ranfòse jan moun yo antre nan aktivite sa yo ak kapasite lokal yo pou asire dirablite. j. Antre entèkansyon ranfòsman ekonomik yo nan aktivite sikososyal yo ak nan aktivite pwoteksyon, edikasyon, santé e sitou nitrisyon.
4. Asire yon swivi kap kontinye pou aksyon esansyèl yo.	a. Swiv, evalye epi bay konsèy sou aktivite ranfòsman ekonomik yo nan menaj la toutan. b. Evalye pouki sa sekirite ekonmòmik menaj yo toujou ap kanpe pou gentan pran devan pwoblèm yo. c. Wè si patisipan yo satisfè de pwogram nan epi modifiye plan an dapre sa yo di yo.

Dimansyon kalite yo pou ranfòsman ekonomi menaj yo

1. Aksè

- Menaj vilnerab yo gen aksè ak aktivite ki apwopwiye e ki efikas kap ranfòse ekonomi menaj yo nan kominote yo.

2. Efikasite

- Aktivite ranfòsman ekonomik yo gen konsekans pozitif pou lavi timoun vilnerab yo e moun ki responsab yo a.

3. Pètinans

- Sèvis yo adapte ak sitiyasyon ekonomik la e ak bezwen kominote yo e benefisyè yo.

4. Patisipasyon

- Benefisyè yo jwen soutyen ki nesèsè pou yo pwan bon jan desizyon e pou yo patisipe nan preparasyon entèkansyon yo epi enplike yo ladanl.

5. Dirablite

- Resous ak estrikti kominotè yo mobilize pou pote yon repons dirab.
- Kapasite lokal yo itilize depi gen posiblite.

PWOTEKSYON TIMOUN

ETAT CIVIL



Sèvis:

Pwoteksyon timoun

Sèvis sa yo asire ke timoun yo grandi nan anviwonman kominotè ak familyal kap pwoteteje yo, kote yo pap ni abize yo, ni neglije yo, ni diskrimine epi ni eksplwate yo.

Rezilta swete :

Timoun vilnerab yo pwoteje kont tout fòm abi, neglijan, diskriminasyon ak eksplwatasyon.

Endikatè rezilta yo:

1. % Timoun vilnerab ki gen batistè.
2. % Timoun vilnerab ki jwenn sèvis pwoteksyon yo.
3. % timoun vilnerab ki ka jwenn asistans legal, si li bezwen.
4. % timoun vilnerab ki resevwa yon soutyen pou rejwen fanmi li, si li bezwen.

Aksyon esansyèl ki define sèvis sa :

1. Ranfòse sansibilizasyon epi mobilize kominote a sou prevansyon ak repons a move tretman timoun yo e sa ki gen pou wè ak resous e solisyon ki disponib.
2. Edike epi soutni timoun yo ak paran/moun kap pran swen timoun yo sou prevansyon move tretman, neglijan ak eksplwatasyon timoun yo, e ki jan pou pote solisyon.
3. Soutni epi ranfòse mekanis enfòmèl (kominotè) pou pwoteksyon timoun pou idantifye, siyale ak refere timoun ki sibi move tretman.
4. Soutni epi ranfòse mekanis fòmèl pwoteksyon timoun (pouvwa piblik ak òganizasyon yo) pou amelyore pwoteksyon timoun yo.
5. Edike epi soutni timoun vilnerab yo, moun kap pran swen timoun yo e kominote a sou pwoteksyon jiridik timoun yo, sitou enpòtans ki genyen pou batistè timoun yo anrejistre nan etasivil ak preparasyon testaman.
6. Soutni sistèm jiridik lan nan zafè pwoteksyon timoun.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
1. Ranfòse sansiblizasyon epi mobilize kominote a sou prevansyon ak repons a move tretman timoun yo ak sa ki gen pou wè ak resous ak solisyon ki disponib yo.	- Idantifye epi soutni moun ki konsène yo pou yo kapab ankouraje yon anviwonman kote yo pa tolere move tretman pou timoun. - Sansibilize epi mobilize otorite ak manm kominote yo, sitou group sib vilnerab yo, pou pataje enfòmasyon ki esansyèl yo sou danje ki genyen nan maltrete timoun e sou reous fòmèl ak enfòmèl disponib ki ka ede. - Travay avèk media yo pou prepare ak difize materyèl sansiblizasyon pou piblik la. Aksyon sa ap fèt dapre reklam nan radio ak nan televizyon, anons nan journal yo, diskisyon ak deba, sansiblizasyon nan lekòl yo, nan sant pou timoun yo, nan pòs rasanbleman yo ak nan legliz yo. - Enplike manm kominote yo ak jèn yo nan aktivite edikasyon kominotè (rankont nan mache lokal yo, gagè ak legliz, reyinyon kominotè, teyat kominot, deba lokal, pòtapòt, sant lwazi yo, edikasyon moun ak moun, sansiblizasyon mas ak lot evènman). - Soutni epi fòme komite pwoteksyon timoun nan kominote a pou siveye tanzantan enkyetid nan zafè pwoteksyon timoun. - Fè fowòm pou sansibilize kominote a ak timoun yo sou prevansyon vyolans seksyèl ak sou mezi ki dwe pran si ta gen kadejak oubyen si ta gen bri kouri ke gen kadejak. - Asire ke fanmi vilnerab yo patisipe nan planifikasyon ak dewoulman aktivite yo. - Òganize seyans fòmasyon nan kominote a sou sijè kritik tankou: - Obligasyon legal pou fanmi yo jwenn batistè pou timoun yo. - Nesesite pou tifi fini etid segondè yo. - Plasman nan sant akèy/òfelina ta dwe yon apwòch ki fèt an dènye. - Move konsekans ki genyen lè yo retire yon timoun nan fanmi li ak kominote li. - Mekanis ki genyen pou atake kesyon pwoteksyon (siyalman kadejak bay lapolis, swen medikal ak soutyen sikososyal ki disponib pou viktim).
2. Edike epi soutni timoun yo ak paran/ moun kap pran swen timoun yo sou zafè prevansyon move tretman, neglijans ak eksplwatasyon timoun yo, ak fason yo dwe reponn a pwoblèm sa yo.	- Fòme tout timoun, moun kap pran swen timoun yo ak konsène yo sou fason pou yo rekonèt siy move tretman ak mezi yo dwe pran si ta gen ka move tretman ki rive oubyen si ta gen bri kouri sou sa. - Travay avèk lekòl yo pou ofri pwogram etid ki chita sou konpetans yon fason pou montre timoun yo konpetans nan zafè sekirite ak pwoteksyon. - Vizite kòm sa dwa kay fanmi yo sou bon jan pratik parantal, teknik pou disiplin san vyolans, kesyon sante manman ak timoun, ak mwayen pou jwenn sèvis sosyal yo, elatriye. - Tabli mekanis pou asire patisipasyon timoun yo nan kesyon pwoteksyon, tankou group konsey pou timoun. - Asire ke genyen tout kalite sipò pou timoun. - Antre aktivite pwoteksyon timoun nan lot sektè travay, tankou bay yon edikasyon parantal ak sipò yonn lòt a group ki fè epay ak kredi.
3. Soutni epi ranfòse mekanis enfòmèl (kominotè) nan zafè pwoteksyon timoun pou idantifye, siyale ak refere timoun ki sibi move tretman yo.	- Ede manm kominote a idantifye epi swiv pòs rasanbleman ki ekziste nan sektè sa e ki enplike nan pwoteksyon timoun. - Mete nimewo telefòn diponib pou timoun ak adolesan yo, fe pase mesaj sou sa ki gen pou wè ak mekanis ak pwosesis pou fè deklarasyon. - Idantifye epi ranfòse relasyon ant system fòmèl ak enfòmèl pwoteksyon timoun.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
4. Soutni epi ranfòse mekanis fòmèl pwoteksyon timoun (pouvwa piblik ak òganizasyon yo) pou amelyore pwoteksyon timoun yo.	a. Fè promosyon seyans fòmasyon pou prensipal moun ki konsène yo ki enplike nan pwoteksyon: MAST/IBESR, lapolis, Brigad pwoteksyon timoun, jij, ajan etasivil, sikològ, avoka, lopital/doktè, ajan sosyal, KAZEK/AZEK. b. Sipòte fonksyon estatitè yo ak zafè ki gen pou trete yo, tankou mete mwayen transpò manm ekip yo ak moun ki sibi move tretman; kreye bon jan kote pou timoun yo; bay travay ak bon jan ekipman a ekip yo yon fason pou yo ka fè tanzantan ekzamen medikal yo, detekte VIH, entèwogatwa, konsèy nan zafè tromatis, elatriye. c. Amelyore lokal yo touswit, ak posiblite swen yo pou lontan nan lokal ki lwen kay la nan fòm ak soutni moun ki responsab timoun yo epi nan pote ba yo founiti ki apropriye. d. Pote nan yon nivo ki wo plasman ijans nan fwaye yo, gad legal ak adopsyon yo nan travay ak pouvwa piblik ak kominote yo. e. Bay sipò tanzantan a timoun yo nan plasman pèmanan yo oubyen a adolesan ki pi gran yo kap viv pou kont yo epi/oubyen kap okipe ti frè ak sè yo. f. Bay sèvis espesyal a timoun ki rejwenn fanmi yo pou asire reyisit retou nan swen familial yo (sa vle di, gwoup soutyen yo, visit soutyen nan kay). g. Fasilite kapasite operasyonèl moun ki konsène yo (pèsonèl, lojistik, elatriye.). h. Sipòte epi ranfòse kapasite IBESR pou byen jwe wòl fondamantal koròdinasyon ak sipèvizyon pwestasyon sèvis pwoteksyon timoun vilnerab yo. i. Devlope epi adopte politik sovgaad anndan òganizasyon an.
5. Edike epi sipòte timoun vilnerab yo, moun kap pran swen timoun yo epi kominote a nan zafè pwoteksyon jiridik timoun yo, tankou enpòtans pou anrejistre batistè ak preparasyon testaman yo.	a. Sansibilize sou sa ki gen pou wè ak anrejistreman nesans pami adolesan yo, moun kap pran swen timoun yo ak manm kominote a. b. Soutni jefò kap fèt pou rann posib anrejistreman (tankou, ak mwayen sèvis mobil anrejistreman nesans yo, anrejistreman an mas yo, fòmilè ki pi senp, patenarya ant ajan etasivil ak IBESR, bay enfòmasyon yo nan lang lokal). c. Òganize fòmasyon sible epi evènman sansibilizasyon sou dwa ak inegalite nan fason yo remèt eritaj yo ak enpòtans preparasyon testaman yo. d. Travay ak medya yo pou devlope ak fè pase mesaj yo nan radio, televizyon, ak group ki ekziste yo (ekip sanitè yo, òganizasyon jèn yo, enstitisyon relijyez yo, lapolis). e. Travay ak parajiris kalifye yo pou yon inisasyon nan prensipal sèvis jiridik ki alabaz yo, nan preparasyon dokiman yo, elatriye.
6. Soutni sistèm jiridik yo nan zafè pwoteksyon timoun.	a. Travay avek jiris pwofesyonèl oubyen fòmè parajiris yo nan nivo kominotè pou pote devan lajistis tout zafè kriminel ak sivil kont moun ki fè zak abi yo. b. Gide ak soutni moun ki sibi abi yo dapre sistèm jidisyè a. c. Travay avek sistèm jistis tradisyonèl yo, tankou Brigad Pwoteksyon Timoun, pou trete deli yo yon fason pou jwenn jistis pandan yap retabli bon jan antant nan kominote e fanmi an. d. Tabli yon group travay sou revizyon ak amonizasyon lwa yo. e. Enplike timoun yo epi paran byolojik yo oubyen titè yo nan pledwaye a. f. Kolekte epi pataje done yo pou ranfòsman mezi pwoteksyon yo.

Dimansyon kalite yo pou pwoteksyon

1. Aksè

- Timoun vilnerab yo ak manm fanmi yo gen aksè a bon jan enfòmasyon konsènan dwa yo ak kote yo kapab chèche enfòmasyon e kapab jwenn yo.
- Timoun ki pi vilnerab yo, tankou sila yo ki gen pwoblèm andikap, gen menm aksè a enfòmasyon e ak resous ki apwopriye yo.

2. Kontinite

- Ak yon lokalizasyon epi bon jan direksyon, entèvansyon yo ap byen disponib konsa dosye yo ap abouti.

3. Patisipasyon

- Timoun vilnerab yo ak swayan yo enplike nan tout aspè pwosesis la, tankou, planifikasyon, komunikasyon, deba/lide, reyalizasyon epi evalyasyon.

4. Dirablite

- Resous ak estrikti kominotè yo mobilize pou bay yon repons dirab.
- Pwosesis kominotè yo rejwenn pwosesis ofisyèl leta ak òganizasyon yo.

5. Sekirite

- Tout òganizasyon yo travay ak timoun yo pou devlope “politik sovgad” pou diminye risk pou timoun yo vinn viktim òganis ki plase pou pwoteje yo.

SANTE



Sèvis: Sante

Sèvis sa yo fasilite aksè a yon ansanm sèvis swen sante nan zafè prevansyon, pwomosyon, gerizon ak reedikasyon pou timoun vilnerab yo ansanm ak fanmi yo.

Rezilta swete:

Timoun vilnerab yo ansanm ak fanmi yo gen aksè a yon ansanm sèvis santé nan zafè prevansyon, pwomosyon, gerizon ak reedikasyon dapre bezwen moun nan, fizikman, mantalman ak sosyalman san malad pandan tout tan lap viv.

Endikatè rezilta yo:

1. % Timoun vilnerab ki poko gen 5 lane ki te gen dyare nan 2 dènye semèn yo.
2. % Timoun vilnerab ki poko gen 5 lane kite gen lafyèv nan 2 dènye semèn yo.
3. % Timoun vilnerab ki twò malad pou patisipe nan aktivite kap fèt chak jou yo.
4. % Timoun vilnerab ki gen soti 0 pou rive 2 lane ki pwan tout vaksen.
5. % Timoun vilnerab ke moun nan fanmi yo gen aksè ak ansanm sèvis sante yo bezwen epi ki pa chè.

Aksyon esansyèl ki defini sèvis sa:

1. Evalye bezwen sante timoun vilnerab yo ak manb fanmi yo ak sèvis ki disponib pou reponn ak bezwen yo.
2. Fe promosyon sou fason moun dwe viv san malad epi fè prevansyon maladi timoun ak adolsan yo.
3. Asire aksè a sèvis tretman e swen ki fèt pou timoun vilnerab yo ak fanmi yo.
4. Ankouraje abitud ki gen pou wè ak dlo pwòp, asenisman ak liyèn (WASH) nan kominote a ak nan fanmi vilnerab yo.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
1. Evalye bezwen sante timoun vilnerab yo ak manm fanmi yo, ak sèvis ki disponib yo pou reponn ak bezwen yo.	a. Idantifye bezwen swen sante timoun ak moun kap pran swen yo. b. Lokalize epi veye sèvis sante ki disponib yo pou timoun ak moun ki pran swen yo nan nivo kominote ak etablisman (Leta, Òganizasyon kominotè, dispansè, elatriye). c. Bay swayan yo oryantasyon sou sèvis santé ki disponib yo. d. Idantifye pwoblèm sante yo plis rankontre nan kominote a epi atake yo. e. Soutni sant sante lokal yo oswa pwen pwestasyon sevis santé yo, epi travay avek yo pou rive reponn ak bezwen sante timoun vilnerab yo ak manm fanmi yo.
2. Fè promosyon sou fason moun dwe viv san malad epi fè prevansyon maladi timoun ak adolesan yo.	a. Edike ak sansibilize timoun ki pi gran yo, moun kap pran swen yo, manm kominote a, ajan sante yo, pèsonel nan lekòl yo, elatriye sou sijè prevansyon, swen santé ki nesèsè yo ak direktiv oryantasyon. b. Bay enfòmasyon sou santé ak asenisman pou timoun e pou fanmi yo gras ak mwayen e entèvansyon sa yo: 1. Vizit domisilyè, espesyalman pou fanmi ki pa ale sant sante yo oswa ki pa vini nan randevou. 2. Pwogram devlopman Timoun piti. 3. Ansèyman sou konpetans paran. 4. Lekòl yo. 5. Klub timoun ak adolesan. 6. Evenman nasyonal ak lokal sou santé tankou kanpay distribisyon moustikè. c. Edike moun ki konsène yo sou rezon entèvansyon sou santé, fason manje ak liyèn manman ak ti bebe yo, enpòtan anpil pandan premye “1 000 jou yo” pou diminye kantite timoun kap mouri yo e tabli baz solid pou sante ak devlopman timoun pandan tout lavi li. d. Soutni ajan santé kominotè yo pou ka òganize aktivite pwevansyon maladi nan menaj vilnerab yo. e. Fè aktivite edikasyon kominotè sou siy ak prevansyon maladi, tankou palidis, dyare ak VIH. f. Kolabore ak Ministè Lasante ak lòt patnè pou jwenn pwodi pou fe prevansyon nan sante tankou moustikè enprenye, vitamin A, pwodui pou trete dlo ak reyidratasyon oral. g. Fòme prestatè sèvis yo sou pwevansyon VIH, tankou komunikasyon pou chanjman konpòtman yo, konpetans nesèsè pou lavi chak you, ansanm, ak sante repwodiktif. h. Fòme ajan sante yo dapwè pwogram ansèyman MSPP sou maladi ak sante timoun. i. Fasilite epi soutni fòmasyon klub edikasyon sanità timoun menm laj, sa kapab fèt avek lekòl yo, oswa avek òganizasyon kominotè yo. j. Fè promosyon konsèy ak tès VIH nan tèt kole ak Ministè Lasante.
3. Asire aksè ak sèvis trètman e swen ki fèt pou timoun vilnerab yo ak fanmi yo.	a. Fòme ak sansibilize ajan kominotè yo ak moun ki responsab timoun yo sou fason rekonèt siy maladi fizik oubyen mantal yo epi byen repon a siy sa yo. b. Tabli direktiv oryantasyon pou maladi fizik ak mantal yo. c. Tabli lyen ant pwogram kominotè ak swen domisilyè, ak swen nan dispansè yo. d. Entegre aktivite divès pwogram, tankou, pwogram devlopman timoun piti ak Prevansyon Tranmisyon Manman a Pitit, yon fason pou kapab gen rapò ant sèvis kominotè yo ak sèvis nan etablisman yo.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
	e. Idantifye menaj vilnerab yo epi tabli rapò ant yo ak mekanis ki ekziste pou finansman sante (nan negosyasyon pou peye dèt nan etablisman yo, aksè pou asirans maladi, elatriye). f. Soutni fòmasyon gwoup sipò PVVIH pou timoun ki afekte yo e moun ki responsab yo a. g. Asire ke tout oryantasyon yo fèt pou sitiyaasyon sitou ki pwezante gwo danje, tankou: 1. Vizit domisilyè, espesyalman pou fanmi ki pa ale sant sante yo oswa ki pa vini nan randevou. 2. Pwogram devlopman Timoun piti. 3. Ansèyman sou konpetans paran. 4. Lekòl yo. 5. Klub timoun ak adolesan. 6. Evenman nasyonal ak lokal sou santé tankou kanpay distribisyon moustikè.
4. Ankouraje pratik dlo pwòp, asenisman ak liyèn (WASH) nan kominote a ak nan fanmi vilnerab yo.	a. Fè evalyasyon menaj yo pou wè si yo genyen aksè ak dlo ak ak asenisman. b. Edike epi mobilize kominote yo, moun ki responsab timoun yo sou tilizasyon bon jan pwatik, tankounan lave men ak dlo ak savon, tretman ak konsève dlo, epi jete fatra yo. c. Ansanm ak kominote a, idantifye epi pwoteje sous dlo yo. d. Bay edikasyon ak ti fi yo e moun kap okipe yo a sou ijyèn fanm kòmsadwa lè yo gen règ yo epi asire aksè a pwodwi fanm ki nesesè yo.

Dimansyon kalite pou santé

1. Aksè

- Timoun ak moun kap pran swen yo ki nan sitiyaasyon gwo danje gen aksè a tès, konsey ak tretman.

2. Patisipasyon

- Timoun vilnerab yo, adolesan yo ak moun kap pran swen yo, patisipe nan diskisyon ak desizyon yo ki gen afekte sante ak byenèt.
- Manb kominote a patisipe aktivman nan fòmasyon, reyalizasyon ak swivi bon jan nòm sou lasante nan kominote a.

3. Efikasite

- Fason yo fe epi bay sèvis santé yo reponn ak bezwen yo e ak reyalite timoun vilnerab ak fanmi yo.

4. Kontinite

- Oryantasyon yo siveye pou asire ke timoun yo ak ,moun kap pran yo a an chaj la gen aksè e jwenn sèvis sa yo.
- Moun ki responsab timoun yo sansiblize sou enpòtans sa genyen pou yo respekte oryantasyon ki fèt pou timoun yo oswa pou yo menm.
- Gen lyen ki fèt ant sèvis yo ki dwe bay nan moman , tankou lè yon timoun vin adolesan.
- Pwestatè kominotè yo kontinye reponn ak bezwen timoun yo e ak bezwen moun yo ki responsab yo a.

5. Dirablite

- Resous yo ak estrikti kominotè ki mobilize pou pote yon solisyon kap dire pou timoun ki vilnerab yo.

LOJMAN AK SWEN



Sèvis:

Lojman ak swen

Sèvis sa yo asire ke timoun vilnerab yo rete nan yon lojman ki pa an danje, ki an sekirite epi ki pwòp, pandan yap jwenn lanmou, soutyen ak pwoteksyon yon moun responsab pou piti.

Rezilta swete:

Timoun vilnerab yo rete nan yon lojman pwòp e an sekirite nan lantouraj fanmi yo oswa swen altènatif ki reponn ak bezwen fondamantal yo epi ba yo swen nesesè ak sipèvizyon granmoun.

Indikatè rezilta yo:

1. % Timoun vilnerab ki gen yon lojman akseptab.
2. % Timoun vilnerab ki jwenn soutyen akseptab de yon granmoun.
3. % Timoun vilnerab ki gen rad ak kabann ki pwòp epi apwopwye.

Aksyon nesesè ki define sèvis sa:

1. Fè evalyasyon menaj yo tanzantan yon fason pou detèmine bezwen kominote a nan sa ki gen pou wè ak lojman ak swen apwopriye pou timoun vilnerab yo.
2. Repètorye epi mete ansanm moun ki konsène yo ak resous ki disponib yo pou soutni lojman ak swen pou timoun vilnerab yo.
3. Mobilize epi sensibilize kominote a ak menaj yo sou enpòtans pou timoun yo toujou jwenn swen ak siveyans nan lanmou granmoun yo.
4. Fasilite reyalizasyon inisyativ sa you pou moun viv san malad.

AKSYON NESESÈ YO	DIREKTIV
1. Fè evalyasyon menaj yo tanzantan pou detèmine bezwen kominote a nan sa ki gen pou wè ak lojman ak swen appropriye pou timoun vilnerab yo.	a. Fè evalyasyon bezwen menaj yo pou idantifye menaj ki nan bezwen yo. b. Òganize fowòm pou fè deba sou nesese pou kominote bay yon lojman a timoun e ak fanmi vilnerab yo. c. Sansibilize manb kominote a sou bezwen ki gen pou wè ak lojman ak swen pou timoun vilnerab yo.
2. Lokalize epi mete ansanm moun ki konsène yo ak resous ki disponib yo pou soutni lojman ak swen pou timoun vilnerab yo.	a. Lokalize resous ki genyen yo ki kapab sèvi pou lojman timoun yo. b. Mete ansanm resous ak sèvis yo, sitou ajans gouvènmantral yo. c. Diskite avek moun ki konsène yo nan kominote a pou prepare plandaksyon pou timoun ki pa jwenn swen ak soutyen appropriye.
3. Mobilize epi sansibilize kominote a ak menaj yo sou enpòtans ki genyen pou timoun yo toujou jwenn swen ak sipèvizyon nan lanmou granmoun.	a. Fè rankont kominotè epi travay ak moun ki konsène yo pou pwan konsyans ke timoun yo bezwen toutan sipò granmoun pou yo menm tou kapab vin granmoun ki djanm tou. b. Diskite avek manb fanmi timoun nan sou enpòtans pou toujou bay soutyen ak siveyans ki fèt nan lanmou. c. Mete gwoup pou sipote moun ki anchaje timoun yo nan sa ki gen pou wè ak konpetans parental appropriye. d. Toujou siveye kad vi famiyal la nan visit domisilyè yo. e. Laji epi fè pwomosyon sèvis fòmèl ak enfòmèl swen akèy pou pran an chaj timoun nan fanmi ranplasman yo.
4. Fasilite reyalizasyon inisyativ pou viv san malad.	a. Bay fòmasyon sou sa ki lesansyèl pou mete epi kenbe yon estrikti ki pwòp epi kisan danje. b. Fòme epi pèmèt timoun ak moun kap pran yo an chaj la nan zafè konpetans nesese pou kenbe yon lantouraj ki pwòp epi san danje, sitou bon jan kabann, twalèt pwòp, dlo pwòp, elatriye. c. Tabli lyen ak aktivite jeneratris revni, òganizasyon relijiye yo, elatriye pou ede fè ak antreteni lojman ki pa prezante danje pou timoun yo. d. Mobilize moun ki konsène yo ak resous yo pou modènize lojman menaj ki nan bezwen yo. e. Asire ke lojman an gen ladanl sa kay dwe genyen jan nòm lokal konstriksyon vle a epi veye pou pa estigmatize menaj vilnerab yo.

Dimansyon kalite pou lojman ak swen sèvis yo

1. Sekirite

- Lojman pou timoun vilnerab yo ak fanmi yo fèt dapre nòm konstriksyon peyi a ki di kijan sa dwe fet sou tout teritwa. Yo reponn ak nòm liyèn ak asenisman e kapab reziste a dezast natirèl.

2. Patipasyon

- Timoun vilnerab yo, adolesan yo ak moun ki gen timoun sou kont yo patisipe nan diskisyon ak desizyon nan zafè estrikti ki apwopriye.

3. Pèfòmans teknik

- SYon pèsònèl teknik fòme e kalifye kap konstri estrikti yo.

4. Kontinite

- Lojman yo rete pwòp.
- Rad yo ak dra pou kouche yo ranplase chak fwa gen bezwen pou sa.

5. Dirablite

- Tout kominote a (sektè relijye yo, otorite lokal yo ak sosyete sivil) enplike nan pwòje a, depi nan demach pou metel kanpe pou rive nan reyalizasyon.
- Resous yo ak estrikti kominote a mobilize pou pote yon repons ki dire pou timoun vilnerab yo.

NITRISYON AK SEKIRITE ALIMANTÈ



Sèvis:

Nitrisyon ak sekirite alimantè

Sèvis sa yo asire ke timoun vilnerab yo ak fanmi yo gen aksè chak fwa a kantite manje ki korèk pou pèmèt timoun grandi ak devlope kòm sa dwa.

Rezilta swete:

Timoun vilnerab yo ak fanmi yo viv nan sitiyasyon sekirite alimantè epi yo gen aksè ak bon jan nitrisyon pou yo byen grandi ak devlope.

Endikatè rezilta yo:

1. % timoun vilnerab ki mal nitri tankou jan mezi perimèt brakyal (PB) timoun ki gen pi piti 5 lane e rasyo pwa/tay timoun ki gen plis ke 5 lane montre'l.
2. % menaj ki gen ase manje sou tout ane a.

Aksyon esansyèl ki defini sèvis sa:

1. Fè evalyasyon tanzantan bezwen sekirite alimantè kominote yo ak menaj yo, menm jan pou resous ki disponib yo pou reponn ak bezwen sa yo.
2. Edike timoun yo, moun ki anchaje timoun yo e kominote a sou sa ki gen pou wè ak alimantasyon ak nitrisyon.
3. Tabli bon jan mekanis oryantasyon ak lyezon ant òganizasyon kap travay nan sèvis sipò alimantè ak nitrisyonèl.
4. Asire ke timoun vilnerab yo ak moun ki anchaje timoun yo resevwa bon jan manje dapre entèvansyon alimantè ak nitrisyonèl sible.

AKSYON ESANSYÈL YO	DIREKTIV
1. Fe evalyasyon tanzantan bezwen sekirite alimantè kominote yo ak menaj yo, menm jan pou resous ki disponib yo pou reponn ak bezwen sa yo.	a. Idantifye epi rankontre responsab kominotè ak relijiye yo, otorite gouvènmantal yo, lekòl yo, ONG yo ak lòt moun ki konsène pou pale de timoun yo ak menaj yo, bezwen alimantè ak nitrisyonèl yo epi tabli yon plan daksyon pou remedye ak ensifizans yo. b. Fe evalyasyon tanzantan bezwen alimantè ak nitrisyonèl menaj yo, nan asire aksè ak bon jan manje sou tout ane a. c. Fè envantè nan nivo kominotè moun ki konsène yo ak resous ki disponib yo pou yon soutyen alimantè ak nitrisyonèl.
2. Edike timoun yo, moun ki anchaje timoun yo e kominote a sou alimantasyon ak nitrisyon.	a. Sansibilize kominote a sou nitrisyon nan media yo, reyinyon piblik, kanpay nasyonal ak lokal. b. Diskite avek moun ki anchaje timoun yo ak manb kominote a sou enpòtans yon alimantasyon regilyè ak nitritiv nan peryòd ki pi enpòtan nan kwasans ak devlopman, sitou nan 5 premye lane yo. c. Ankouraje bon jan pratik nitrisyonèl pami timoun vilnerab yo ak fanmi yo, sitou preparasyon ak byen sere manje, ak pwodiksyon plizyè kalite manje. 1. Bay enfòmasyon sou alimantasyon ak nitrisyon a timoun yo e ak fanmi yo plizyè fason, tankou : Vizit lakay dapre apwòch « evalyasyon, konsèy ak sipò nitrisyonèl » (EKSAN) 2. Pwogram devlopman timoun piti 3. Ansèyman konpetans paran yo 4. Lekòl yo
3. Tabli mekanis oryantasyon ak lyezon ant òganizasyon ki travay nan sèvis soutyen alimantè ak nitrisyonèl.	a. Ranfòse òganizasyon ki bay sipò alimantè ak nitrisyonèl yo yon fason pou timoun vilnerab yo ak fanmi yo gen aksè pi plis epi lè yo vle ak sipò yo bay la. b. Bay timoun vilnerab yo ak moun ki anchaje yo referans apwopriye pou jwenn yon soutyen alimantè ak nitrisyonèl. c. Siveye epi swiv referans yo pou asire ke timoun yo jwenn soutyen alimantè ak nitrisyonèl nesèsè. d. Tabli lyen ant timoun vilnerab yo ak fanmi yo, e pwogram alimantè gouvènmantal ak non gouvènmantal apwopriye. e. Kreye patenarya ant sektè yo (agrikilti, mikro-finans, sante, edikasyon, elatriye).
4. Ak mwayen entèkansyon alimantè ak nitrisyonèl sible, asire ke timoun vilnerab yo ak moun ki anchaje timoun yo jwenn manje ki nitritif.	a. Bay sipò alimantè a menaj kip a gen aksè a bon jan apwovizyonman pwodui alimantè. b. Tabli yon siveyans ki detekte byen vit malnitrisyon grav kay timoun oubyen moun ki anchaje timoun yo. c. Bay oswa tabli lyen pou timoun ki gen bezwen yon sipò alimantè ak nitrisyonèl espesyalize oubyen touswit d. Veye pou manje yo byen distribye yon fason ki pa estigmatizan. e. Asire ke menaj yo gen aksè ak vitamin yo ak oligo-eleman yo lè yo bezwen. f. Tabli lyen ant menaj yo e pwogram sibzistans ki gen pwodiksyon manje. g. Kreye pwen aksè pou dlo potab ak pwòp pou timoun yo ak menaj yo. h. Tabli epi ankouraje potaje ak jaden kominotè.

Dimansyon kalite pou sèvis alimantasyon ak nitrisyon

1. Aksè

- Pwen livrezon sèvis yo ase pwòch popilasyon yap desèvi yo.
- Benefisyè yo gen mwayen jwenn alimantasyon ak nitrisyon ki korèk.

2. Sekirite

- Manje yo dwe pwòp lè yap manje.
- Manje dwe konseve ak distribye kòm sa dwa.
- Manje yo dwe distribye yon fason pou pa estigmatize benefisyè yo.

3. Efikasite

- Prestatè yo fome pou bay oligo-eleman yo ak konpleman yo.
- Benefisyè yo enfòme sou nesesite pou yon bon nitrisyon epi rive nan sekirite alimantè.
- Pwogram yo swiv tanzantan pou evalye efikasite yo.

4. Patisipasyon

- Benefisyè yo patisipe nan preparasyon ak dewoulman pwojè a ak evalyasyonl.

5. Dirablite

- Resous ak estrikti kominotè yo mobilize.
- Pwogram nitrisyon yo lye ak sektè transvèsal yo.
- Kapasite repons lokal yo ranfose.

Diferan etap ki te franchi nan pwosesis amelyorasyon kalite sèvis pou timoun vilnerab nan peyi - a depi nan elaborasyon liy direktris yo jouk lè yo tap revize yo apre faz pilotaj la ki te pèmèt tout aktè yo konprann pi byen tout ekzijans yo pou rive gen yon dokiman ki ka sèvi tankou yon gid nasyonal nan tout peyi a.

Liy direktris sèvis kalite yo te fèt nan konsansis pandan ke tout aktè yo te bay dizon yo nan dokiman an. Sa te fasilite yo modifiye fason kèk non sevis ke akte yo te fe menm.

Faz pilotaj la te ofri opotinite pou montre pi bon jan eskperyans yo te reyisi nan bayT imoun vilnerab sèvis epi souliye feblès ki te genyen nan liy direktris yo. Se tout travay sa yo ki fè te gen sesyon nasyonal aprantisaj ak revizyon liy direktris yo kote tout aktè yo te asire yo ke tout chanjman ak modifikasyon yo te antre nan dokiman an.

Men tou, dokiman sa ap sèvi kom referans pou tout aktè kap travay sou teren an ak tout zot kap decide nan nivo politik estratejik ak pwogram. Amelyorasyon kalite a pankò rive nan bout li menm si dokiman jwenn apwobasyon ofisyel deja .

Li enpotan pou souliye egzistans yon lot faz ki endispensab nan pwosesis la pou aplike liy direktris ak bel eskperyans ki te fèt nan faz pilotaj la nan depatman kote liy direktris yo pa't teste. Sa montre koman pwosesis la fleksib pliske dokiman an ka modifiye nipòt ki lè sa nesèsè pou pran dizon lot akte kap inteveni pou ede timoun vilnerab.

Enstiti Byen Èt Sosyal ak Rechèch (IBESR)
Pwojè Amelyorasyon Kalite

Lis Patisipan – Sesyon Nasyonal Aprantisaj ak Revizyon Liy Direkris yo

Siyati	Non	Enstitisyon	Pòs	Email
Jean Louis	Roosvelt	IBESR	Dir. Adj Service social	Jeanlouis.roosevelt@yahoo.fr
Cheristin	Rachelle	PNLS	Off. De Plan Suivi et Evaluation	rcmichel03@gmail.com
Augustin	Roudelin	HSCM	Travailleur Social	roudelove@gmail.com
Fils-Aime	Nirva	HSCM	Coord de Prog	nirvafilsaime@yahoo.fr
Mathieu	Dominique	Care-AKSE	Developp. Org	mathieu@pap.care.org
Ainé	Nael	HEP	Psychologue	naelisci@yahoo.fr
Dugué	Anne	HEP	Coord de Programme	dugueanne@yahoo.fr
Celestin	Edine	World Vision	Coord Tech OEV	edine_celestin@wv.org
Cadet	Dgenie Nathacha	ZL	ATS	dgena84@yahoo.fr
Pierre	Ermaze	ZL	Coord de Programme	ermazelle@yahoo.fr
André	Marie Ange	ZI	Travailleur Social	mariadeangel@hotmail.com
Tholy	Elcie	HSJ/Limbe	Coord de Programme	lorlotte2006@yahoo.fr
Saint Germain	Louino	Saint Jean Limbe	Psychologue	sglouino@yahoo.fr
Alcima	Adna	ICC/GCH	Infirmière S/C	adnielle@yahoo.fr
Hyppolite	Yves	ICC /GCH	Travailleur Social	hyppoliteyves@yahoo.fr
Alcinor	Josette	MCDFD	Agent de terrain/Comite Nord	josetalcinor@Yahoo.fr
Volcy	Hervé	IBESR	DDS adj	elsherve@yahoo.fr
Jean	Adioze	IBESR	Agent de protection-Comite Artibo	jeanadioze@yahoo.fr
Belgarde	Charles	IBESR	Agent de protection/Comite Nord	charles.belgarde@yahoo.fr
Florvilus	Rodlin	URC	Data Manager	florvilusrodlin@yahoo.fr
Beausejour	Daphne	IBESR	Web naster/rapporteuse	daph0306@gmail.com
Pierre	Diem	IBESR	Asst Tech DG	diem.pierre@yahoo.fr
Dorissant	Vanessa	CMMB	PF OEV	vdorissant@cmmmb.org
Joseph	Daniel	URC	Conseiller	djoseph@URC-CHS.com
Valcy	Jean	BPM/DCPJ	Insp. Resp M.V	valcinjin@yahoo.fr
Pierre	Rodrique	BPM/DCPJ	Insp. Resp V.D	drigopi@yahoo.fr
Villedrouin	Arielle	IBERS	Directrice Generale	dgibesr@yahoo.fr
Bertrand	Marjorie	Care/AKSE	Child Protection coordinator	bertrand@pap.care.org
	Amy	CARE Haiti/AKSE	Apprentissage Coordinator	any@pop.care.org
Serard	Gasius	IBESR	Agt. Protéction/Comite Artibon	Serard02@yahoo.fr

Komite Depatmantal Ameliorasyon kalite-Nò

Nom	Enstitisyon
Jeanty Jacques	Educateur de Rue-TPI/CEF
Desir Pierre Jackson	RIVACOM
Volmar Oce	BPM
Augustin Roudelin	CMMB-PDSC
Emmanuel Revange	CMB-PSAD-APIAVI
Alcinor Josette	MCDF
Pierre Jean Alix	Communion des EEM
Florestal Nelcius	MINUSTAH
Charles Jacque Mary	Eglise Catholique
SainTil Sarita	Point focal -CMMB
Ovin Sterlin	Relief International
Chantal Egugen	POZ
Belgarde Charles	IBESR
Dolce Myrlande	IBESR

Komite Depatmantal Ameliorasyon kalite – Atibonit

Nom	Enstitisyon
Adioze Jean	IBESR
Marcellus Aline	AFPROG
Celestin Alcide	ACF-Psychologue
Bedouet Charles Carnets	DBC-MFVG
Joseph Romny	MFVG
Pierre Willy	OJAG
Elorge Alexandre	Miistère des Cultes
Israle Edine	Org locale
Julmeus Jugnor	Org Loclae
Barthelemy Pierrelaine	IBESR
Serard Gasius	IBESR
Demorin Lourdy	MCDF
Joseph Belande	BPM
Jean Cinedais	IBESR/DDA
Pelissier Hebert	Ministère des Cultes

Atelye Elaborasyon Premye Bouyon Liy Direktris Yo

Lis Patnè ki te patisipe nan elaborasyon bouyon liy direktris yo

EDIKASYON/FOMASYON PROFESYONEL		
Plan International*	Mrs. Joane Fredelyne Manigat	Joanefredelyne.manigat@plan-international.org
Maison Arc-en-Ciel*	Mr. Jean Lucson Charles	Charles_lucson@yahoo.fr
World Vision	Mr. Walex Excellent	wademerich@yahoo.fr
FOSREF	Mrs. Naomie Louis	naomielouis719@yahoo.fr
SHELTER & CARE		
World Hope International*	Dr. Dacius Minaud	drminaud@gmail.com
Save the Children*	Mrs. Nirlande Louissaint	nirlandie@yahoo.fr
Partners in Health/Zanmi La Santé	Mrs. Cate Oswald	coswald@pih.org
INHSAC	Mrs. Miriame Augustin	miriameaugustin2003@yahoo.fr
MANJE AK NITRISYON		
Foundation Esther Boucicault Stanislas*	Mr. Claudymir Constant	f_e_b_s@hotmail.com constantclaudymir@yahoo.fr
Management Sciences for Health*	Mrs. Elcie Jean-François	ejeanfrancois@mshhaiti.org
SANTE		
World Concern*	Dr. Jules Vanessa	moliera509@yahoo.com
World Hope International*	Dr. Dacius Minaud	drminaud@gmail.com
Save the Children	Dr. Yves Thermidor	ythermidor@savechildren.org
Ministry of Health	Mr. Kesner François	kesnerf@yahoo.fr
FOSREF	Mrs. Naomie Louis	Naomielouis719@yahoo.fr
SIKOSOSYAL		
Family Health International*	Mrs. Ammecise Apply	aapply@fhihaiti.org
World Vision*	Mrs. Marthe Edline Tilus	Edline_titus@wvi.org
Maison Arc-en-Ciel	Mr. Jean Lucson Charles	Charles_lucson@yahoo.fr
Maison Arc-en-Ciel*	Mr. Carlo Louis-Charles	arcenciel@hughes.net
Foundation Esther Boucicault Stanislas	Mr. Claudymir Constant	constantclaudymir@yahoo.fr
World Relief	Mrs. Nerlande Pierre	npierre@wr.org
Save the Children	Mrs. Nirlande Louissaint	nirlandie@yahoo.fr
PWOTEKSYON		
Ministry of Social Affairs (IBESR)*	Mr. Andolphe Guillaume	andolphe@gmail.com
Plan International*	Mr. Khalil Cambron	Khalil.cambron@plan-international.org
Ministry of Social Affairs (IBESR)	Mr. Perrono J. Per	pervisionexcellence@yahoo.fr
Ministry of Social Affairs (IBESR)	Mr. Herve Volcy	elsherve@yahoo.com
Maison Arc-en-Ciel*	Mr. Carlo Louis-Charles	arcenciel@hughes.net
World Hope International	Mr. Larousse Ceus	larousseceus@worldhope.net
RANFOSMAN EKONOMIK		
Save the Children*	Dr. Yves Thermidor	ythermidor@savechildren.org
Ministry of Health*	Mr. Kesner François	kesnerf@yahoo.fr
World Hope International	Mr. Larousse Ceus	larousseceus@worldhope.net
Ministry of Social Affairs (IBESR)	Mr. Perrono J. Per	pervisionexcellence@yahoo.fr
Partners in Health/Zanmi La Sante	Mrs. Ermaze L. Pierre	ermazelle@yahoo.fr

*denotes chair volunteers

